

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung analisis data dina bab IV, aya tilu hal anu bisa dicindekkeun patali jeung ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana. Éta tilu hal téh nyaéta: (1) ma'na asosiatif, (2) wanda ma'na asosiatif, jeung (3) maksud ma'na asosiatif.

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapanggih aya 192 data ma'na asosiatif, anu kapanggih tina sabelas carpon. Jumlah data ma'na asosiatif dina unggal carpon béda-béda. Ma'na asosiatif anu pangréana muncul aya dina carpon “Putri Jin” (PJ) nu jumlahna 32 ma'na, dituturkeun ku carpon “Di Pasaréan” (DP) nu jumlahna 26 ma'na, “Du'a keur Umi” (DKU) aya 25 ma'na, carpon “Nyingkur” (N) aya 23 ma'na, carpon “Apun Gencay” aya 20 ma'na, carpon “Pugerwangi” (P) aya 18 ma'na. Ari anu pangsaeutikna muncul aya dina carpon “Geuning Gambaran Sumping” (GGS) jeung carpon “Miang” (M) masing-masing jumlahna aya 5 jeung 4 ma'na asosiatif.

Kadua, maksud ma'na asosiatif dina ieu panalungtikan nyoko kana wujudiah atawa réalisasi maksud tina kecap waktu dipaké dina kontéks kalimah. Pikeun ngabédakeun maksud tina ma'na asosiatif, dina ieu panalungtikan dipidangkeun ma'na dénotatif atawa ma'na sajalantrahna tina kecap anu ngandung ma'na asosiatif.

Katilu, wanda ma'na asosiatif nu jumlahna 192 data, nyoko kana ma'na konotatif (31 ma'na), ma'na aféktif (22 ma'na), ma'na répléktif (48 ma'na), ma'na kolokatif (36 ma'na), ma'na stilistik (30 ma'na), jeung ma'na idiomatis (25 ma'na). Wanda ma'na asosiatif-répléktif kaasup anu paglobana muncul, ari ma'na asosiatif-aféktif anu pangsaeutikna muncul.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang kabasaan hususna dina élmu semantik. Dina widang kabasaan dipiharep ieu panalungtikan bisa

ngeuyeuban tur ngajembaran élmu semantik ngeunaan ma'na asosiatif dina media citak Sunda, sarta jadi référénsi pikeun nu maca. Salian ti ngajembaran, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan kahareupna nu baris dilaksanakeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh ngeunaan ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok Jajatén Ninggang Papastén karya Yus Rusyana. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik ma'na asosiatif anu sumberna tina karya sastra buhun, sangkan bisa méré bébédana tina segi basa nu dipakéna.

Kadua, ieu panalungtikan masih kénéh sacara murni nganalisis jeung ngadéskripsikeun ma'na asosiatif. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik ma'na asosiatif dipatalikeun kana bahan katur prosés pangajaran di sakola, sangkan nambahan référénsi pikeun guru di lapangan.